



Pou Piblikasyon Imedya: 04/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN ETID SOU PLIZYÈ LANE POU EKSPLORE KIJAN CHANJMAN KLIMATIK LA AFEKTE KOMINOTE, EKOSISTÈM, AK EKONOMI ETA NEW YORK

*Efò pou rechèch kolaborativ sou klima a pral fèt nan patenarya ak Enstitisyon Akademik, Òganizasyon Syantifik, Lidè kominotè, ak Reprezantan Endistri yo*

### **Sipòte aplikasyon Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a**

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse lansman yon etid sou plizyè lane, sou *Evalyasyon Enpak Klima a sou Eta New York: Konprann epi prepare pou chanjman klimatik nou an*, pou eksploré kijan chanjman klimatik la afekte kominote, ekosistèm ak ekonomi nan Eta New York. Efò kolaborasyon sou rechèch klimatik sa ki dirije pa Otorite Rechèch ak Developman Enèjetik Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) epi li fèt nan patenarya ak enstitisyon akademik, òganizasyon syantifik, lidè kominotè ak reprezantan sektè, pamiliòt, pou konprann epi dokimante enpak chanjman klimatik la kounye a, kisa enpak yo ka ye alavni, epi kijan eta a ka prepare pi byen pou yo. Pran mezi pou adapte kondisyon klimatik alavni yo sipòte aplikasyon Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè Eta a.

"Chanjman klimatik la, li la, li reyèl epi okenn eta pa santi enpak li plis pase New York," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan ouragan tankou Sandy ak Ida, rive nan sèt pye nèj nan Buffalo, nou te obsève kondisyon meteyolojik nou an kontinye ap vin pi ekstrèm chak ane. Pandan n ap kontinye rekonstui apre pandemi sa, nou dwe fè yon gwo rega sou kijan chanjman klimatik la ap afekte avni nou epi etid sa ap sèvi kòm yon fèy de wout kle pou enfòme sou kijan nou ka konstui yon New York k ap pwospere nan mitan defi sa yo."

**Doreen M. Harris, Direktè Egzekitif ak PDG, NYSERDA**, "Se vre Eta New York, tankou anpil pati nan peyi a, ap obsève mwayèn tanperati ki pi cho, plis inondasyon ke jamè anvan, ak ewozyon nan kot yo akoz ogmantasyon nivo lanmè a, ki rann li klè ke klima a ap chanje pi rapidman ke nou te menm panse li te posib yon lè. Pou asire ke nou prepare pou sa k ta vini, NYSERDA pa ka tann pou travay ak patnè nou yo sou efò anbisye epi kolaboratif sa pou ede enfòme sou chwa klima yo nan tout nivo priz desizyon nan eta a."

Evalyasyon an ki dirije pa NYSERDA, ap bay yon analiz kredib, ki baze sou lasyans sou kisa pou nou prevwa de chanjman klimatik la nan New York dapre plizyè senaryo epi l ap chèche transmèt enfòmasyon sa nan fason ki ka eksplwate, ki adapte, epi ki fasil pou konprann. Apeprè 80 moun ki reprezante plis pase 60 òganizasyon diferan atravè Etazini ak Kanada ap enplike nan devlope Evalyasyon an k ap ede rezidan, biznis, ak moun k ap pran desizyon atravè eta a planifye pi byen epi prepare pou enpak chanjman klimatik la sou sistèm ak enfrastrikti nou yo. Evalyasyon an ap enplike dènye done, modèl, ak konpreyansyon syantifik sou chanjman klimatik la.

L ap enkli, espesyalman:

- Pwojeksyon jiska prezan sou kondisyon klimatik alavni nan Eta New York;
- Evalyasyon sou enpak enkonomik an pwofondè;
- Yon rapò teknik ke kòlèg yo te revize sou enpak ak estrateji adaptasyon; ak
- Rezime ak lòt materyèl ki fèt pou odyans patikilye yo itilize.

Y ap mete resous sa yo disponib pou publik la sou sitwèb NYSERDA lè evalyasyon an fini, ke yo prevwa nan kòmansman 2023.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "Etid ki baze sou lasyans sa se yon apwoch pridan pou egzamine enfòmasyon Nouyòkè yo plis bezwen po prepare pou nouvo reyalite chanjman klimatik nou an lakoz la. Lè nou mobilize ekspètiz kolektif kék nan ekspè ki gen plis konesans atravè peyi a pou idantifye epi evalye koz ak konsekans chanjman klimatik la, Eta New York ap kapab enfòme politik publik la pi byen epi ranfòse pwogram rezistans yo. Mwen felisite patnè nou yo nan NYSERDA pou angajman yo pou konbat kriz klimatik la nan tout nivo lè yo avanse solisyon pou abòde defi nou fè fas pandan n ap pwoteje epi enfòme kominote nou yo."

Pou asire ke Evalyasyon final la reflete divès kalite kontribisyon ak angajman, NYSERDA te rasanble yon ekip ekspè syatiflik klima nasyonal ak reprezantan ki soti nan kominote ak sikonskripsyon ki divèsifye atravè Eta New York, lòt eta Ameriken - California, Maryland, Massachusetts, New Jersey, Indiana, ak Texas - ak Kanada ansanm ak manm kominote endijèn yo pou kolabore sou devlopman Evalyasyon an. Uit gwoup travay teknik ap dirije pifò Evalyasyon an, ki enkli gwoup k ap chèche epi k ap verifye pi bon literati syatiflik ki disponib, ki entegre nouvo pwojeksyon, epi devlope rapò teknik la. Chak [gwoup travay](#) dirije pa de prezidan asosye epi yo gen kòm travay pou egzamine enpak chanjman klimatik la nan youn nan uit sektè sa yo: agrikilti, konstriksyon, ekosistèm, enèji, sante imen ak sekirite, sosyete ak ekonomi, transpò, ak resous dlo.

Anplis sektè sa yo, Evalyasyon an ap abòde plizyè pèspektiv transvèsal tankou ekite ak kominote ki defavorize yo, enkyetid gouvènman minisipal yo, zòn kotyè bò lanmè, ak Gran Lak yo. Gwoup konsilitatif yo konpoze ak reprezantan ki soti nan kominote ak endistri ki espesyalman aktif oswa ki afekte pa sektè aktivite yo ap sipòte travay chak gwoup travay pou asire ke evalyasyon final la kapte enpak ki pi enpòtan yo, pwosesis la oryante pa bezwen moun k ap itilize rechèch sa, epi rezulta yo aksesib epi yo ka

eksplwate. NYSERDA te chwazi Consensus Building Institute (CBI), Eastern Research Group (ERG), Columbia University, ak Industrial Economics (IEc) pou bay modelizasyon teknik, kowòdinasyon administratif ak sipò fasilitasyon pou evalyasyon an.

Nan New York, chanjman klimatik la deja gen yon enpak ki pwofon sou sosyete a, ekonomi an, ak ekosistèm natirèl yo. Sezon kwasans agrikòl la ap monte desann, inondasyon nan kot ak andedan yo ap fèt pi souvan, popilasyon plant ak fòn yo ap chanje, evènman klimatik katastwofik gen plis chans, epi sa yo koute an vi imen ak enfrastrikti ap ogmante. A kote efò eta a ki nan tèt peyi a pou diminye emisyon gaz efè sè yo pou ralanti rit chanjman klimatik la, anons jodi a ranfòse kapasite New York pou adapte ak kondisyon anviwònmantal ak sosyete k ap chanje sa yo epi l ap ede enfòme preparasyon ak estrateji repons li pou enpak alavni ke y ap idantifye nan evalyasyon final la.

**Senatè Kevin Parker, Prezidan Enèji Sena Eta NY, te deklare,** "Mwen bat bravo pou NYSERDA ak Gouvènè Hochul paske yo pran yon apwoch ki aktif epi lanse etid sou plizyè lane sa. L ap asire ke eta nou an kapab prepare pou efè chanjman klimatik la alavni epi rete an avans sou koub la. Mwen fyè de plizyè ajans ki te reyini ansanm pou fè evalyasyon sa yon reyalite pou eta nou an."

**Manm Asanble Michael Cusick, Prezidan Enèji Asanble Eta NY, te deklare,** "Pandan n ap kontinye fikse objektif klima epi travay pou konstui yon rezon enèji ki p pwòp, li empòtan pou nou nou egzaminen epi konprann nèt defi ak pwoblèm n ap fè fas yo. Mwen kontan ke n ap travay pou rive nan konpreyasyon konplè sou kijan chanjman klimatik la afekte ekonomi nou ak kominate nou yo. Etid sa ap enfòme desizyon enèji ak klima k ap pwogrese yo epi l ap ba nou yon fèy de wout pou lavni."

**Fondatè ak PDG, Eastern Research Group, Inc. David Meyers te deklare,** "ERG onore pou sipòte NYSERDA lè li jwe yon wòl santral nan kowòdinasyon Evalyasyon Enpak Chanjman Klimatik Eta New York la. Bay yon konpreyansyon ki egzat, aksesib, adapte, epi ajou sou chanjman ki lye ak klima atravè Eta New York ap kontribye nan misyon vital pou pwoteje sante, rezistans, ak pwosperite anpil kominate ki divèsifye, ekosistèm ak endistri New York yo. Nou pa ka tann pou non sèlman sèvi moun Eta New York, men tou pou kenbe travay piyonye sa antanke yon modèl egzanp sou kijan pou devlope yon evalyasyon enpak pou yon mond k ap chanje."

**Medyatè Prensipal ak Chèf Pwojè nan Consensus Building Institute, Pat Field ak Catherine Morris te deklare,** "Consensus Building Institute angaje pou ede NYSERDA ak Gwoup Travay Teknik yo pou koute divès pati ki enterese nan premye liy ak moun k ap pran desizyon ki afekte atravè eta a ki ka pataje konesans yo, eksperyans yo viv ak vilnerabilite efè klima yo. Konseye sa yo ap kle pou asire ke Evalyasyon Klima a konsantre sou enpak ki pi empòtan yo, tradui sa nou konnen ak kisa nou ka prevwa an enfòmasyon ki aksesib epi ki ka eksplwate, epi ede Eta New York prepare pou adapte nan yon fason ki ekitab pou yon klima k ap chanje."

**Pwofesè Rechèch Columbia University Lamont, Radley Horton te deklare,** "Ekstrèm klimatik resan yo nan New York, mete sou disponiblite nouvo modèl yo, demonstre ke prevwayans NYSERDA pou mandate epi lanse Ealyasyon sou Enpak Klima a nan moman sa, tonbe byen. Kidonk, NYSERDA kenbe wòl santral li nan pozisyone Eta New York antanke yon lidè mondyal nan diminisyon risk ak adaptasyon a chanjman klimatik la. Nou kontan anpil pou bay enfòmasyon syantifik prensipal k ap soutni inisyativ anbisye epi esansyèl sa NYSERDA sa."

**Direktè, Chèf Pwojè, Industrial Economics (IEc), ak Otè Prensipal IPCC, Jim Neumann te deklare**, "Delè lansman Ealyasyon Enpak Klima NYSERDA a ideyal toutotan nouvo metòd ak done ap vin disponib pou estime enpak ekonomik chanjman nan klima a, bezwen pou enfòmasyon pou enfòme politik Eta New York ogmante nan yon nivo rekò. Biblik la vle konnen kijan nouvo nòmal move tan ak evènman ekstrèm yo pral afekte sante, byen, ak betay yo alavni. IEc kontan pou aplike pi bon syans ak ekonomik pou fè konpreyansyon nou avanse sou nouvo reyalite chanjman klimatik la."

### **Lwa Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda nasional sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan Lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou envestisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansam, envestisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman nan enèji pwòp pou benefisyé kominate defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

### **Konsènan NYSERDA**

NYSERDA, yon kòporasyon enterè publik, ki ofri enfòmasyon ak analiz objektif, pwogram inovasyon, espètiz teknik, ak finansman pou ede moun New York ogmante efikasite enèjetik, ekonomize lajan, itilize enèji renouvlab, epi diminye depandans yo sou kabiran fosil. Pwofesyonèl NYSERDA yo travay pou pwoteje anviwònan an epi kreye anpil djòb enèji pwòp. NYSERDA ap devlope patenarya pou fè avanse solisyon enèji inovan yo nan Eta New York depi 1975. Pou aprann plis sou pwogram NYSERDA

yo ak opòtinite finansman yo, vizite [nyserda.ny.gov](http://nyserda.ny.gov) oswa suiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [YouTube](#), oswa [Instagram](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)